

<b>abiotic</b>	<b>abyotik</b>	karakteristik fizik ki pa gen lavi nan anviwònman an, avèk tou lè, dlo, limyè solèy la, tanperati ak klima.
<b>abrasion</b>	<b>abrazyon</b>	yon kalite ewozyon ki fèt lè van an soufle sou sediman yo epi sediman yo frape wòch ak depo yo pou poli ak wonje sifas yo.
<b>absolute age</b>	<b>laj absoli</b>	se laj yon wòch oswa lòt objè; li ka detèmine lè yo itilize pwopriyete atòm ki fòm matyè yo; li eksprime an ane.
<b>absolute magnitude</b>	<b>mayitid absoli</b>	mezi kantite limyè yon etwal emèt kounye a.
<b>abyssal plain</b>	<b>plenn abisal</b>	espas plat nan fon lanmè ki mezire ant 4,000 ak 6,000 mètr anba sifas oseyan an epi ki fòm avèk depo sediman.
<b>acceleration</b>	<b>akselerasyon</b>	to chanjman vitès; li ka kalkile lè yo divize chanjman nan vitès la pa tan chanjman an pran pou fèt.
<b>acid precipitation</b>	<b>presipitasyon asid</b>	presipitasyon avèk yon pH (potansyèl idwojèn) anba 5.6—ki rive lè polyan lè yo ki sòti nan ensandi konbistib fosil yo reyaji avèk dlo ki nan atmosfè a pou fòm asid fò ki ka polye dlo, touye pwason ak plant epi domaje tè a.
<b>acid rain</b>	<b>lapli asid</b>	imidite asid, avèk yon pH (potansyèl idwojèn) anba 5.6, ki tonbe sou tè a sou fòm lapli oswa nèj ki ka domaje forè yo, domaje òganis yo epi wonje estrikti yo.
<b>acid</b>	<b>asid</b>	sibstans ki gen yon pH (potansyèl idwojèn) pi piti pase 7.
<b>acoustics</b>	<b>akoustik</b>	etid son.

<b>active immunity</b>	<b>iminite aktif</b>	iminite dirab ki egziste lè kò a pwodui pwòp antikò li pou fè fas ak yon antijèn espesifik.
<b>active transport</b>	<b>transpò aktif</b>	pwosesis ki egzije enèji; nan pwosesis sa a pwoteyin transpò yo fè yon sèl avèk patikil yo epi li deplase yo atravè yon manbràn selilè.
<b>adaptation</b>	<b>adaptasyon</b>	nenpòt chanjman nan estrikti oswa nan konpòtman ki ede yon òganis siviv nan anviwònman patikilye li.
<b>aerobe</b>	<b>ayewobi</b>	tout òganis ki itilize oksijèn pou respirasyon.
<b>aggression</b>	<b>agresyon</b>	konpòtman enèjik, tankou batay, yon zannimo itilize pou kontwòle oswa domine yon lòt zannimo pou li pwoteje jenn pitit li yo, defann teritwa li oswa jwenn manje.
<b>air mass</b>	<b>mas lè</b>	gwo etandi lè ki gen menm karakteristik tanperati ak tout sa ki nan imidite kòm pati sifas latè kote li fòme a.
<b>air resistance</b>	<b>rezistans lè</b>	fòs ki opoze mouvman objè k ap deplase nan lè a.
<b>alcohol</b>	<b>alkòl</b>	konpoze, tankou etanòl, ki fòme lè gwoup 2OH ranplase youn oswa plis atòm idwojèn nan yon idwokabi.
<b>algae</b>	<b>alg</b>	pwotis ki sanble ak plant, ki gen klowofil epi ki pwodui oksijèn kòm yon rezilta fotosentèz.
<b>allele</b>	<b>alèl</b>	yon lòt fòm yon jèn ka genyen pou yon sèl karakteristik; li ka dominan oswa resesif.
<b>allergen</b>	<b>alèjèn</b>	sibstans ki lakòz yon reyaksyon alèjik.
<b>allergy</b>	<b>alèji</b>	twòp reyaksyon fò sistèm iminitè nan yon sibstans etranje.

<b>allotropes</b>	<b>alotwopi</b>	fòm diferan menm eleman ki gen estrikti molekilè diferan.
<b>alloy</b>	<b>alyaj</b>	yon melanj ki gen pwopriyete metalik.
<b>alpha particle</b>	<b>patikil alfa</b>	patikil ki konpoze avèk de (2) pwoton ak de (2) netwon ki emèt nan yon nwayo atomik ki an dekonpozisyon.
<b>alternating current (AC)</b>	<b>kouran altènatif (AC)</b>	kouran elektrik ki ranvèse direksyon sikilasyon li nan yon estrikti regilye.
<b>alveoli</b>	<b>alveyòl</b>	grap ki tankou rezen, ki piti anpil, ki gen pawa mens epi ki antoure avèk kapilè; diyoksid kabòn ak echanj oksijèn fèt ladan yo.
<b>amino acid</b>	<b>asid amine</b>	eleman debaz pwoteyin.
<b>amniotic sac</b>	<b>pòch amnyòs</b>	manbràn pwoteksyon tou piti ki plen likid epi ki fòme ozalantou anbriyon an.
<b>amniotic egg</b>	<b>ze amnyotik</b>	ze ki kouvri avèk yon kokiy ki ofri yon anviwònman konplè pou devlopman anbriyon an; pou reptil yo, se yon adaptasyon enpòtan pou yo viv sou tè.
<b>amplitude</b>	<b>anplitid</b>	yon mezi enèji yon onn pote.
<b>anaerobe</b>	<b>anayewobi</b>	tout òganis ki anmezi pou viv san oksijèn.
<b>angiosperms</b>	<b>anjyospèm</b>	plant vaskilè a flè ki pwodui fwi ki genyen youn oswa plis grenn; monokotiledòn ak dikotiledòn.
<b>antibiotics</b>	<b>antibiyotik</b>	pwodui chimik yo prepare avèk kèk bakteri; pwodui chimik sa yo sèvi pou limite kwasans lòt bakteri.
<b>antibody</b>	<b>antikò</b>	yon pwoteyin ki pwodui akòz yon antijèn espesifik ki ka asosye ak antijèn nan epi ki ka lakòz li pa itil.
<b>antigen</b>	<b>antijèn</b>	tout molekil konplèks ki etranje pou kò ou.

<b>anus</b>	<b>anis</b>	ouvèti ki nan pwent aparèy dijestif la; se nan ouvèti sa a dechè yo sòti nan kò a.
<b>apparent magnitude</b>	<b>mayitid aparàn</b>	mezi kantite limyè ki sòti yon etwal epi ki resevwa sou latè.
<b>appendages</b>	<b>apendis</b>	estrikti atikile atwopòd, tankou janm, zèl oswa antèn.
<b>aquifer</b>	<b>akwifè</b>	kouch wòch pèmeyab ki pèmèt dlo koule atravè li.
<b>artery</b>	<b>atè</b>	veso sangen ki deplase san an lwen kè a, epi ki gen pawa epè ak elastik ki fòme avèk tisi konjonktif ak tisi misk mwele.
<b>asexual reproduction</b>	<b>repwodiksyon aseksyèl</b>	yon kalite repwodiksyon-fisyon, boujònman ak rejenerasyon-kote yon nouvo òganis pwodui nan yon òganis epi ki gen yon ADN ki idantik ak òganis paran an.
<b>asteroid</b>	<b>astewoyid</b>	yon mòso wòch oswa metal ki fòme avèk materyèl ki sanble ak sa ki fòme planèt yo; yo jwen li souvan nan senti astewoyid ant òbit Mas ak Jipitè.
<b>asthenosphere</b>	<b>astenosfè</b>	kouch tè tankou plastik; se sou kouch tè sa a plak litosferik yo ap flote ak deplase.
<b>asthma</b>	<b>las</b>	maladi poumon kote bwonch yo kontrakte vit epi yo lakòz respirasyon kout, souf anlè, oswa touse; sa ka rive nan yon reyaksyon alèjik.
<b>atmosphere</b>	<b>atmosfè</b>	lè ki antoure latè ; li fòme avèk gaz yo, avèk tou 78 pousan nitwojèn, 21 pousan oksijèn ak 0.03 pousan diyoksid kabòn.
<b>atom</b>	<b>atòm</b>	pi pitit patikil yon eleman ki toujou konsève

		pwopriyete eleman an.
<b>atom</b>	<b>atòm</b>	eleman debaz tou piti ki fòme avèk pwoton, netwon ak elektwon.
<b>atomic number</b>	<b>nonm atomik</b>	kantite pwoton ki nan yon nwayo atòm.
<b>atriums</b>	<b>orifis orikilo-vantrikilè</b>	de (2) kavite siperyè kè a ki kontrakte anmenmtan nan yon batmannkè.
<b>auxin</b>	<b>oksin</b>	òmòn plant ki fè fèy ak tij plant yo anifeste fototwopis pozitif.
<b>average atomic mass</b>	<b>mas atomik mwayèn</b>	mwayèn pondere mas melan izotòp yon eleman.
<b>average speed</b>	<b>vitès mwayèn</b>	distans total yon objè deplase divize pa tan total li pran pou deplase sou distans.
<b>axis</b>	<b>aks</b>	liy vètikal imajinè ki koupe atravè sant latè epi otou liy sa a latè ap fè wotasyon.
<b>axon</b>	<b>aksòn</b>	estrikti newòn ki pote mesaj lwen ak kò selilè a.